

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Fason pou Jwenn Benefis SSI Pandan W ap Eseye Vann Resous Siplemantè Ou yo



### Èske mwen ka resevwa benefis SSI si mwen genyen twòp resous?

Pou resevwa benefis SSI, **resous** kontab ou pa dwe vo plis pase \$2000 pou yon moun, oswa \$3000 pou yon koup. Men tou, ou ka anmezi pou resevwa benefis yo si w dakò pou vann kèk nan **resous** kontab ou.

### Ki kalite atik mwen ka vann?

Men kalite atik ou ka vann:

- ▼ *byen imobilye*, tankou teren oswa yon kay kote w p ap viv; oswa
- ▼ *byen pèsonèl*, tankou veyikil ki pa-eskli (pa egzanp, yon dezyèm oto).

### Kouman sa fonksyone?

- ▼ Pandan w ap eseye vann *byen imobilye*, ou ka resevwa benefis SSI pou jiska **nèf (9) mwa** anba sèten kondisyon.
- ▼ Pandan w ap eseye vann *byen pèsonèl* ou, ou ka resevwa benefis SSI pou jiska **twa (3) mwa**.
- ▼ Epi, nou ka peye w menm pandan pi lontan si w satisfè sèten kondisyon.

### Kisa w gen pou fè?

- ▼ Benefis SSI ou pa kapab kòmanse jous apre w fin siyen akò **sou kondisyon pou benefis yo**, epi nou aksepte akò a.
- ▼ W ap jwenn fòm akò a nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou. Tanpri mande nou plis detay.

### Sa k ap pase apre mwen fin vann byen imobilye mwen ak/oswa pwopriyete pèsonèl mwen?

- ▼ W ap gen pou peye kèk oswa tout benefis SSI ou te resevwa pandan w ap eseye vann pwopriyete a.
- ▼ Ou ka kontinye resevwa benefis SSI. Tanpri kontakte biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou pou chèche konnen si benefis SSI ou ap kontinye apre lavant lan.